दिन–रविवार दिनांक–28.06.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे जून महीनामे, स्वदेशी सी–295 विमानक पहिल उड़ानक संगहि भारत विमानन क्षेत्रमे एकटा पैघ सफलता हासिल कयलक अछि। आकाशवाणीसँ आइ मन की बात कार्यक्रममे श्री मोदी कहलनि जे एहि समय देशमे एहन 40 आओर विमान बनाओल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे एहिसँ सूक्ष्म, लघु आ मध्यम उद्यम क्षेत्र आ एयरोस्पेस क्षेत्र कँ गति भेट रहल अछि। रोजगारक नव अवसर सृजित भऽ रहल अछि आ आत्मनिर्भर भारतक संकल्प मजगूत भऽ रहल अछि। श्री मोदी कहलनि जे एहि महीना कोलकातामे तीनटा युद्धपोत दूनागिरी, संशोधक आ अग्रयक जलावतरण कएल गेल। ओ कहलनि जे भारत समुद्रसँ लऽकऽ आकाश धरि लगातार बेसी सुरक्षित आ आत्मनिर्भर भेल जा रहल अछि।

मन की बात कार्यक्रममे प्रधानमंत्री नालंदा विश्वविद्यालयक चर्चा करैत कहलनि जे एकटा नव अवतारक रूपमे ई भारतक भाग्य गढ़ि रहल अछि। श्री मोदी दू वर्ष पूर्व नालंदा विश्वविद्यालय परिसरक लोकार्पण कएने छलाह। ओ कहलनि जे नालंदा विश्वविद्यालयमे शास्त्रार्थक प्राचीन परंपरा कँ फेर सँ जीवित कएल गेल अछि। ओ एहि उद्यमक लेल नालंदा विश्वविद्यालय कँ बधाई देलनि आ दोसर विश्वविद्यालय सभसँ सेहो एहन पहल पर विचार करबाक आग्रह कएलनि।

प्रधानमंत्री कहलनि जे जलवायु परिवर्तनक समस्या आइ एकटा पैघ चुनौती बनि गेल अछि। ओ देशवासीसँ पर्यावरण संरक्षणक दिशामे लगातार प्रयास करबाक अपील कयलनि अछि। अंतमे, प्रधानमंत्री जल संरक्षणक संबंधमे कहलनि जे वर्षा जलक एक–एक बूँद कँ बचाओल जएबाक चाही। ओ कहलनि जे कैच द रेन अभियानमे कनिओ ढिलाई नहि होयबाक चाही।

---

भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नवीन कहलनि अछि जे मन की बात कार्यक्रम जन–जनक भावनाक आधार बनि गेल अछि। नई दिल्लीमे मन की बात कार्यक्रम सुनबाक बाद पत्रकार सभसँ गपशप करैत श्री नवीन कहलनि जे ई देशभरिमे अलग–अलग स्थान पर भऽ रहल सकारात्मक प्रयास के सामने रखबाक एकटा प्लेटफार्म अछि।

———————————————————————————————

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ मुंगेर जिलाक टेटिया बम्बर प्रखंडक टेटिया पंचायतसँ पंचायत विकास दिवस कार्यक्रमक शुरूआत कएलनि। एहि अवसर पर सभा कँ संबोधित करैत श्री चौधरी कहलनि जे सभ महीना पंचायत स्तर पर एहि दिवसक आयोजनसँ पंचायतक समग्र विकासक मार्ग प्रशस्त होएत। ओ कहलनि जे ग्रामीण विकास कार्य कँ एहिसँ गति भेटत। पंचायतीराज विभागक दिससँ सभ महीनाक अंतिम रविदिन कँ सभ ग्राम पंचायतमे पंचायत विकास दिवसक आयोजन कएल जाएत।

———————————————————————————————

प्रदेशक कतेको भागमे पंचायत विकास दिवसक आयोजन कएल गेल। विभिन्न पंचायतमे विकास शिविर लगा कऽ ग्रामीणक समस्याक समाधान कएल गेल। महिला हितैषी ग्राम पंचायत विषय के लऽकऽ आइ प्रदेशक कतेको भागमे पंचायत विकास दिवसक आयोजन कएल गेल। ई आयोजन प्रत्येक मासक अंतिम रविदिन कँ कएल जाएत। मधुबनी जिलाक महिनाथपुर पंचायतमे आयोजित कार्यक्रममे जिलाक प्रभारी मंत्री लेशी सिंह ग्रामीणक समस्या कँ सुनलनि। ओ अपन संबोधनमे कहलनि जे पंचायत सभ हमर लोकतंत्रक आधारशिला अछि। दरभंगाक हायाघाट प्रखंड अंतर्गत आनंदपुर सहोरा मध्य विद्यालयमे आयोजित विकास शिविरक उद्घाटन पथ निर्माण सह–जिलाक प्रभारी मंत्री कुमार शैलेन्द्र आ वन एवं पर्यावरण मंत्री रामचंद्र प्रसाद संयुक्त रूपसँ कएलनि।

———————————————————————————————

कड़गर सुरक्षा व्यवस्थाक बीच आइ राज्यक कतेको केन्द्र सभ पर केन्द्रीय चयन परिषदक सिपाही भर्ती परीक्षा संपन्न भऽ गेल। ओतहि, रेलवे अभ्यर्थी सभक सुविधाक लेल आइ सातटा परीक्षा स्पेशल ट्रेन चला रहल अछि।

---

पछिला राति बहेड़ी प्रखण्डक बिठौली गामक राम जानकी मन्दिर परिसरमे 126म 'सगर राति दीप जरय' कथा गोष्ठीक आयोजन भेल। एकर मुख्य संयोज प्रेमकान्त चौधरीक आ समस्त ग्रामिण छलाह। जनतब दी जे ई गोष्ठी साँझ छ बजेसँ भोर छ बजे धरि चलैत अछि। आइ सैंतिस बर्खसँ  ई त्रैमासिक कथा गोष्ठी निरन्तर अपन बाटपर निर्बाध आगू बढ़ि रहल अछि। एहि आयोजनमे जतऽ बत्तीस प्रतिभागी उपस्थित भेला ओतहि ऊनैसटा छोट–पैघ कथाक पाठ भेल। अगिला 127म आयोजन श्री राज कुमार मिश्र द्वारा हुनकर अपन पैतृक गाम बेहट झंझारपुरमे सितम्बर मासक दोसर शनि दिन आयोजित होएबाक निर्णए कएल गेल।

---

समाप्त भेल